

MAIMONIDES MEDICAL CENTER

KÒD: FIN-028 (Revize)

DAT: 4 mai 2018

DIFIZE PREMYE FWA: 21 mas 2005

KONSÈNAN: POLITIK ASISTANS FINANSYÈ

I. POLITIK

Maimonides Medical Center (“Maimonides” oswa “Lopital la”) fè jefò pou bay bonjan sèvis swen sante bay tout pasyan ki vini nan youn nan etablisman nou yo, menmsi yo pa kapab peye. Politik Asistans Finansyè (“FAP” oswa “Politik la”) sa a mete anplas pwogram asistans finansyè Maimonides, ki pèmèt tout pasyan ki pa gen asirans, ki fin resevwa tout benefis asirans sante yo epi yo jije ki elijib pou asistans finansyè konfòmeman ak Politik sa a, gendwa jwenn swen ijans oswa lòt swen ki medikalman nesesè gratis oswa avèk yon rabè.

II. AKSÈ NAN ENFÒMASYON

Maimonides pibliye FAP li an san restriksyon konfòmeman ak Politik sa a.

Maimonides pran FAP sa a, fòm aplikasyon FAP an ansanm ak yon rezime FAP (“Plain Language Summary”) a ki disponib nan yon paj ki rezève pou Asistans Finansyè sou sit Wèb Maimonides lan (<http://www.maimonidesmed.org/main/FinancialInformation.aspx>). Kopi sou papye dokiman sa yo disponib sou demann ak gratis, nan kourye lapòs ak nan anplasman piblik ki nan Lopital la, ikonpri nan Sal Ijans, nan zòn admisyon an ak nan pwen kote yo bay sèvis pou pasyan.

Maimonides notifye epi enfòme pasyan Lopital yo konsènan FAP a: li ofri yon kopi papye Rezime Langaj Senp anndan resepsyon ak anrejestreman an; ikonpri yon avi alekri sou bòdwo yo ki enfòme benefisyè yo gen asistans finansyè ki disponib selon FAP an epi li endike nimewo telefòn Depatman Sèvis Finansyè Lopital la ansanm ak adrès dirèk sit Wèb la kote yo gendwa jwenn kopi FAP a, fòm aplikasyon FAP a ansnam ak Rezime nan Langaj Senp; epi afichaj vizib nan anplasman piblik ki enfòme pasyan yo osijè FAP an nan Lopital la, ikonpri Sal Ijans ak zòn admisyon yo. Yo pral enfòme pasyan gen pano FAP Maimonides ki ekri nan plizyè lang.

Epitou, y ap tradwi FAP la, fòm aplikasyon FAP an ansanm ak Rezime nan Lang Senp nan lang prensipal popilasyon ki gen Konpetans Limite nan Lang Angle (“LEP”) pale epi Lopital la bay sèvis chak ane, ikonpri lang chak gwoup lang LEP pale ki konstitye mwens pase 1,000 moun oswa 5 pouzan nan kominote Lopital la bay sèvis oswa popilasyon ki gen chans afekte oswa Lopital la gendwa kontre. Epitou Maimonides pral notifye ak enfòme manm kominote Lopital la bay

sèvis ke li ofri asistans finansyè selon yon FAP, ak ki kote pou jwenn plis enfomasyon ak dokiman ki gen pou wè ak FAP a, yon fason ki pèmèt manm kominate a kapab konprann (ikonpri tradiksyon nan lang ki sible yo).

Pasyan yo ki prezante demann espesifik konsènan asistans finansyè ap resevwa Rezime nan Langaj Senp lan, yo pral mete yo okouran osijè enfomasyon ki gen pou wè ak sa sou sit Web Sant Medikal Maimonides Medical Center lan, epi yo pral voye yo kot yon Konseye Finansye. Lè yon moun endike li pito jwenn aksè nan dokiman oswa enfòmasyon konsènan FAP an elektwonikman, Maimonides gendwa bay dokiman oswa enfòmasyon sa yo elektwonikman (ikonpri sou yon ekran elektwonik, nan imèl oswa lè yo bay adrès dirèk sit Wèb oswa URL paj Wèb kote dokiman oswa enfòmasyon yo afiche).

III. ASISTANS FINANSYÈ

A. Elijibilite

Moun ki satisfè kritè ki annapre yo elijib pou swen gratis oswa ak rabè konfòmeman ak Politik sa a:

Pou sèvis non-ijan ki medikalman nesesè, rezidan ki gen revni ki fèb ki rete nan youn nan senk distri Vil Nouyòk yo (Konte Kings, Nouyòk, Queens, Richmonde ak Bronx) ki p gen asirans oswa ki deja resevwa tout benefis asirans sante yo elijib pou asistans finansyè.

Pou sèvis ijan, rezidan nan Eta New York ki gen revni fèb ki pa gen asirans oswa ki fin resevwa tout benefis asirans sante yo elijib.

Montan chaj maksimal yo gen dwa faktire yon pasyan ki resevwa sèvis ijans oswa lòt swen ki medikalman nesesè Lopital la, epi ki elijib pou asistans finansyè selon FAP sa a rele Montant ki Faktire Jeneralman (“Amount Generally Billed - AGB”). Maimonides fikse AGB an nan nivo montan total Medicaid ta otorize an (pou pasyan ki dòmi lopital) epi montan total Medicare ta otorize (pou chiriji anbilatwa pou pasyan ki pa dòmi lopital, klinik, depatman ijans, sèvi anbilatwa ak oksilyè ak referans). Konfòmeman ak lis pri chaj ak diskont ki dekri nan Anèks A ak B, diskont yo ofri pasyan ki elijib pou FAP selon FAP an egal oswa mwens pase AGB an. Selon desizyon pou elijibilite FAP an, yo pa gen dwa faktire yon moun ki elijib pou FAP plis pase AGB an pou swen ki nesesè medikalman oswa pou swen ijan.

Kritè finansye pou elijibilite ak rabè selon FAP an dekri annapre an ak nan Anèks A ak B. **Gen yon prezonzyon kòmkwa pasyan ki gen revni ki mwens pase 300% nivo Povrete Federal elijib pou asistans selon FAP an, sou labaz enfòmasyon ki dekri nan Seksyon III.D, anba la a.** Yon kondisyon adisyonèl pou elijibilite se pou pasyan yo (ak pou pasyan ki gen mwens pase 18tan, paran (yo) epi/oswa gadyen legal yo)) bay dokiman ki

nesesè yo pou aplikasyon pou asistans finansyè, epi sinon pou yo kowopere nèt ak anplwaye k ap ede yo nan pwosesis la.

Si pasyan yo elijib pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman (pa egzanp, Medicaid, Child Health Plus (“CHP”), Prenatal Care Assistance Program), pasyan yo dwe itilize pwogram sa a pou peye pou tretman yo olye pwogram asistans finansyè Maimonides lan. Pasyan ki chèche jwenn asistans finansyè (epi pou pasyan ki poko gen 18tan, paran (yo) epi/oswa gadyen legal (yo)) dwe prezante Lopital la tout enfòmasyon ak dokiman yo mande pou verifye elijibilite pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman. Depi yon pasyan fin aplike pou asirans pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman, l ap elijib pou resevwa asistans finansyè nan men Maimonides jiska dat lè lòt pwogram lan anplas pou garanti peman swen pasyan an, akondisyon li elijib pou asistans finansyè.

Asistans finansyè gendwa disponib, apre yo verifye ka pa ka, pou pasyan ki pa satisfè kritè elijibilite finansyè yo men ki konfwonte ak kokennchenn depans medikal. Yo pral voye demann pou asistans finansyè nan sikonstans sa yo bay Depatman Sèvis Finansyè: Financial Services Department, 983 48th Street, Brooklyn, NY 11219, (718) 283-7790.

Pasyan ki gen asirans komèsyal oswa HMO ki pa aksepte nan Maimonides Medical Center pa elijib pou asistans finansyè, eksepte si pasyan an fin resevwa tout benefis asirans li kapab bay.

Pasyan yo p ap elijib pou asistans finansyè si Depatman Sèvis Finansyè yo deside pasyan an te bay fo enfòmasyon (oswa pou pasyan ki poko gen 18tan, paran (yo) oswa gadyen legal (yo)) pandan pwosesis aplikasyon an.

B. Sèvis ki Garanti yo

Pogram asistans finansyè Maimonides peye pou sèvis ijans ak lòt sèvis ki medikalman nesesè nan Maimonides Medical Center. Yo itilize Direktiv Medicare yo pou chèche konnen si sèvis yo medikalman nesesè. Yo pral faktire sèvis oksilyè yo kòmande an rapò ak vizit nan klinik yo sou labaz to pouvantaj lis pri varyab degresif (*sliding scale percentage rate*) ki koresponn ak vizit nan klinik sa a.

Politik sa a pa garanti sa ki annapre a:

- Atik ki pa nesesè medikalman (pa egzanp, pwosedi kosmetik);
- Atik ki pa gen okenn benefis klinik oswa terapètik (pa egzanp, telefòn, televizyon ak chaj pou kouvrider yon chanm prive);
- Sèvis Lopital la pa faktire (pa eganp, sèvis anestezi ak sèvis pwofesyonèl doktè ak founisè endependan bay, tankou nès prive, sèvis swen lakay ak sèvis anbilèt pou deplasman), apa sèvis antite

- ki asosye etwatman ak Lopital ofri, jan ekspresyon sa a defini selon règlemantasyon federal; epi
- Ko-peman ak dediktib.

Pasyan ki kalifye pou Medicaid ann ijans antanke pasyan ki rete lopital nan Maimonides elijib pou yon vizit nan klinik apre operasyon chiriji gratis ansanm ak kèlkeswa sèvis oksilyè ki asosye 90 jou oplita apre chiriji a, epi yo pa oblige ranpli demann pou dokiman an pou yo japab elijib pou vizit sa a.

Pasyan yo egzamine nan Sal Ijans lan men ki pa anrejistre antake pasyan ki rete lopital la elijib pou yon vizit swivi nan klinik gratis pou pwoblèm sante espesifik pouki yo te vini nan Sal Ijans lan, epi yo pa oblige ranpli demann pou dokiman yo pou yo kapab elijib pou vizit sa a.

Sèvis sante mantal pou pasyan ki pa rete lopital garanti anba FIN-29, Politik Asistans Finansyè pou Sèvis Sante Mantal pou Pasyan ki pa Rete Lopital (“Outpatient Mental Health Services Financial Assistance Policy”) men li pa garanti anba Politik sa a. Sèvis sante mantal pou pasyan ki rete dòmi lopital ansanm ak sèvis oksilyè asosye garanti anba Politik sa a.

Anèks C nan Politik sa a etabli lis tout founisè ki bay swen ijans oswa lòt swen ki medikalman nesesè nan Lopital la FAP a garanti, ansanm ak sa FAP a pa garanti.

C. Pwosedj Jeneral pou Aplikasyon

Pou kapab jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon FAP a, se pou w aplike pou asistans finansyè anba oswa pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan FAP an, yon moun gendwa kontakte Depatman Sèvis Finansye Lopital la nan (718) 283-7790, ki sitye nan 983 48th Street, Brooklyn, NY 11219.

Yo pral voye chak moun ki mande asistans finansyè al jwenn yon Konseye Finansye pou yo ka verifye l. Men sa Konseye Finansye an pral fè:

1. Li pral diskite divès altènativ pasyan an genyen (pa egzanp, pwogram asirans ki esponsorize piblikman, aranjman pou peman, to ki diskonte, echèl mobil degesiv, swen gratis) ki baze sou enfòmasyon yo te resevwa.
2. Nan sikonstans ki apwopriye, (a) li pral ranpli yon aplikasyon Medicaid epi voye l ba Local Department of Social Services pou kont pasyan an; oswa (b) li pral refere pasyan an opre biwo Medicaid lokal ki apwopriye an pou li ka ranpli yon aplikasyon CHP.

3. Li pral evalye si pasyan an gendwa elijib pou lòt rabè toujou oswa finansman ki gendwa disponib grasa sibvansyon oswa pwogram espesyal nan Maimonides Medical Center ki apa pwogram asistans fiansyè jeneral la.
4. Si sa konvnab, bay pasyan an yon aplikasyon pou asistans finansyè pou li ranpli li. Si yo mande 1 sa, Konseye Finansye a pral bay pasan yo asistans depi yo konprann politik asistans finansyè yo epi li pral ranpli aplikasyon an pou yo pandan yon randevou fas-a-fas.

Yo pral tradwi fòm aplikasyon FAP yo, konfòmeman ak Seksyon II, ki anlè a. Epitou, sèvis tradiksyon yo ap disponib bay tout pasyan yo ki bezwen sèvis sa yo pou yo kapab jwenn aksè nan asistans finansyè Lopital la. Anplwaye Lopital la pral jwenn aksè nan sèvis tradiksyon konfòmeman ak AD-120 Sèvis Tradiksyon ak Entèprt.

Fòm aplikasyon yo pral gen ladann yon avi bay pasyan yo ki esplike depi yo voye yon aplikasyon ki byen ranpli, ikonpri kèlkéswa enfòmasyon oswa dokimantasyon yo bezwen pou verifye elijibilite pasyan an anba Politik la, pasyan an gendwa pa okipe tout bòdwo li resevwa jiskaske Lopital la te pran yon desizyon konsènan aplikasyon an.

Pasyan yo otorize aplike pou asistans finansyè pandan owmens 240 jou apatide dat premye bòdwo apre yo te egzeyate li rive nan men li. (Al gade FIN-55, Politik Faktirasyon ak Kolèk Lajan pou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan delè pou aplike yo). Yo gendwa voye Demann pou anile kondisyon sa yo bay 1ye Vis-Prezidan Finans pou li kapab egzamine yo.

D. Kritè Elijibilite pou Asistans Finansyè

1. Pwosedi pou Verifiye Elijibilite

Se Depatman Sèvis Finansye ki deside si yon moun elijib. Jan sa dekri ak plis detay anba a nan Sou-pati III.D.2 annapre a, yo pral desizyon sou kimoun ki elijib sou labaz enfòmasyon sila yo:

- Andwa kote li gen rezidans li;
- Revni anyèl, anvan taks;
- Byen likid; ak
- Konbyen moun ki rete nan menm kay la.

Yo pral itilize enfòmasyon ki make sou aplikasyon pasyan an pou yon pwogram asirans ki esponsorize piblikman pou chèche jwenn done sa yo. Si li pa t janm fè okenn aplikasyon pou yo pwogram asirans ki esponsorize piblikman oswa si aplikasyon an pa disponib, se pasyan an ki dwe

prezante enfòmasyon ki nesesè yo pou verifye kimoun ki elijib pou asistans finansyè. Si gen enfòmason obligatwa ki manke, yo pral avèti pasyan yo nan telefòn oswa nan kourye lapòs pou di yo ki enfòmasyon ki manke.

2. Tès yo sou Revni ak Byen Likid

Dokiman Anèks A nan Politik sa a, Lis pri degresif ak rabè pou Sèvis Pasyan ki Dòmi Lopital (“*Sliding Scale Fee Discount Schedule for Inpatient Services*”), endike rabè yo pou sèvis pasyan ki dòmi lopital ki garanti yo. Dokiman Anèks B, Tablo Rabè Pri Degresif pou Chiriji Anbilatwa, Sèvis Klinik, Sèvis Depatman Ijans, Sèvis Anbilatwa ak Referans ak Sèvis Oksilyè (“*Sliding Fee Scale Discount Table for Ambulatory Surgery, Clinic, Emergency Department, Referred Ambulatory and Ancillary Services*”) endike rabè pou sèvis pasyan ki pa rete lopital, sèvis klinik, ijans, anbilatwa ak oksilyè.

Chak Dokiman Anèks endike de (2) tès – yon Tès sou Revni ak yon Tès sou Byen Likid:

- *Tès sou Revni* a kalkile “gwosè fanmi” pasyan an ak revni anyèl anvan taks fanmi li an.
- Gwosè Fanmi a. Si pasyan an se yon adilt, yo kalkile gwosè fanmi pasyan an lè yo ajoute pasyan an, madan oswa mari li (si genyen epi si lòt moun sa a rete nan menm kay ak pasyan an) epi kèlkeswa depandan (moun pasyan an oswa konjwen li an responsab finansyèman). Si pasyan an se yon timoun, yo kalkile gwosè fanmi pasyan an lè yo ajoute pasyan an, paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay avèk li, ansanm ak kèlkeswa moun ki anba responsabilite paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay ak pasyan an (apa pasyan an). Yon fanm ki gwòs konte pou de (2) moun nan fanmi a.
- Revni Anyèl Anvan Taks. Si pasyan an se yon adilt, revni anyèl anvan taks fanmi a se sòm revni pasyan ak konjwen pasyan an mete ansanm (si genyen epi si li rete nan menm kay avèk pasyan an). Si pasyan an poko gen 18tan, revni anyèl anvan taks fanmi a se revni paran epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay ak pasyan an. Revni an baze sou kalkil kat (4) dènye semèn salè anvan dat sèvis la.
- Revni anyèl anvan taks se total sous revni ki annapre yo, jan sa endike nan dokimantasyon pou aplike pou FAP:
 1. Salè/Lajan ki touche anvan Dediksyon.

2. Benefis Sosyal Sekiriti.
3. Konpansasyon pou Chomaj ak pou Travayè.
4. Benefis pou Veteran.
5. Pansyon alimantè/Sipò pou Timoun.
6. Lòt Sipò Finansyè
7. Peman Pansyon Alimantè.
8. Asirans oswa Peman Annuite.
9. Dividann/Enterè.
10. Revni Lwaye.
11. Revni Antrepriz Nèt (travayè endependan/sous endependan verifye l).
12. Lòt (benefis grèv, sibvansyon pou fòmasyon, alokasyon pou fanmi militè, revni nan patromwan ak twòs).

Yo ta dwe kalkile sous revni a lè yo ajoute montan yo touche vreman, par opozisyon ak montan moun lan gen dwa resevwa men yo p ap peye li (pa egzanp, lè èks-madan oswa èks-mari yon pasyan pa peye sipò pou timoun, oswa y ap goumen pou peman asirans oswa pansyon retrèt).

- *Byen likid* chak pasyan yo baze sou valè total byen pasyan an oswa konjwen li an (kèlkeswa si se yon sèl oswa si se toulede ki make sou tit pwopriete a). Si pasyan an poko gen 18tan, yo pral kalkile byen likid pasyan an selon valè total byen pasyan an epi/oswa gadyen legal pasyan an ki rete nan menm kay avèk li genyen. Kalite byen yo pral pran an konsiderasyon gen ladann lajan kach; kont depay; kont kouran; Sètifik Depo; fon pwòp nan byen imobilye (apa rezidans prensipal la); ansam ak lòt byen (Bon Trezò, papye negosyab, valè mobilyè de sosyete). Tès byen an p ap pran an konsiderasyon rezidans prensipal yon pasyan, byen yo kenbe nan yon kont depay ak enpozisyon difere oswa yon kont depay pou retrèt ki sanblab, nan kont depay pou kolèj, oswa machin pasyan oswa manm fanmi pwòch li itilize regilyèman.

Yon pasyan ki gen byen likid ki egal ak de (2) fwa montan nivo resous Medicaid otorize konsidere tankou yon moun ki gen "*Byen Likid Enpòtan*". **Si pasyan an gen Anpil Byen Likid, montan asistans pasyan an pral resevwa se montan ki PI PITI an ant montan rabè pouki pasyan an elijib dapre Tès Revni a ak montan pouki pasyan an elijib selon Tès sou Byen Likid lan.** Pa egzanp, si yon pasyan elijib pou yon rabè 50% dapre Tès sou Revni a ak yon rabè 25% dapre Tès sou Byen Likid la, se rabè 25% an ki aplikab. Si moun lan elijib pou asistans finansyè selon swa Tès sou Revni an oswa Tès sou Byen an, chaj maksimòm lan li gendwa genyen pou peye se 100% montan ki pi wo an ant to Medicare oswa to Medicaid la, jan sa aplikab, oswa AGB an (jan sa diskite anlè a).

Yo kalkile *Tès pou Byen Likid – Pasyan ki Dòmi Lopital* lè yo divize montan to konplè Medicaid lan pou sèvis pasyan an ak “Byen Likid” pasyan an.

Yo kalkile *Tès sou Byen Likid – Pasyan ki pa Dòmi Lopital* lè yo divize montan to konplè Medicare lan pou sèvis pasyan yo ak “Byen Likid” pasyan an.

- **Si pasyan an pa gen Byen Likid Enpòtan, alòs montan asistans pasyan an ka resevwa se rabè pouki pasyan an elijib selon Tès sou Revni an.**
- Yo gendwa egzamine chak dosye endividyleman pou pran an konsiderasyon si yon pasyan te fèk pèdi travay li oswa si li pa kapab peye pou depans toulejou pou viv (pa egzanp, lwaye, bòdwo elektrisite, dlo, telefòn oswa chofaj ak manje) si pasyan an oblige peye pou kont li selon to ki fikse nan Dokiman Anèks A oswa B.

Kèlkeswa dosye kote yo mande pran an konsiderasyon sikontans endividyle, se pou yo kontakte Direktè Inite Konsèy Finansye nan (718) 283-7796. Pasyan an gendwa dwe founi dokiman konsènan sikontans ki mande pou yo egzamine yo espesyalman.

E. Pwosesis pou Egzamen Aplikasyon yo

30 jou oplita apre yo resevwa aplikasyon konplè pou asistans finansyè ansanm ak tout dokiman ki nesesè yo, Depatman Sèvis Finansye an pral notifye pasyan an alekri si yo te apwouve oswa refize aplikasyon pou asistans finansyè a. Si yo te apwouve aplikasyon an, yo pral notifye pasyan an konsènan pouvantaj rabè (pa egzanp, 90% chaj ki aplikab yo) pouki li elijib epi yo pral bay li esplikasyon detaye sou montan li dwe yo. Si yo refize aplikasyon an, notifikasyon alekri a pra dekri kijan pou konteste refi a epi li pral gen ladann enfòmasyon sou fason pou kontakte Depatman Sante a. Notifikasyon refi FAP a dwe detaye tou rezon ki jistifye refi a. Nan sityasyon kote yo òganize yon entèvyou fas-a-fas, yo enfòme pasyan yo touswit lè yo apwouve aplikasyon an ansanm ak montan rabè pasyan an pral resevwa oswa si yo refize aplikasyon an. Nan sityasyon sa yo, yo pral voye nan lapòs avi alekri kay pasyan an.

Epitou, si yo apwouve pasyan an pou li resevwa asistans finansyè, Depatman Sèvis Finansyè a pral dokimante desizyon elijibilite a nan seksyon an ki rele “kòmantè” nan sistèm enskripsyon (AHS) an, ikonpri rabè espesifik ki aplikab pou (a) sèvis pasyan ki dòmi lopital ak (b) sèvis pou pasyan ki pa dòmi lopital, menmsi se yon sèl kalite sèvis (pa egzanp, sèvis pasyan ki pa dòmi lopital) ki nesesè pou swen pasyan an ap resevwa koulye an.

Yo apwouve elijibilite pou 1 nan, apre sa y ap dwe rekalkile elijibilite a. Yo pral mete anplas tout chanjman yo aplike pi devan yo sou lis pri degresif ki etabli a nan Anèks A ak B pou tout pasyan ki nouvo oswa ki kalifye deja.

F. Antant pou Peman Pa Tranch (Piti pa Piti)

Si yo fè demann lan, pasyan ki resevwa asistans finansyè ap gen posibilité pou jwenn yon antant pou peman pa tranch san enterè. Peman an chak mwa p ap ka plis pase 10% revni mansyèl brit pasyan an ki elijib pou yo teni kont de yo nan egzamen tès sou byen Lopital la mete anplas. Yo p ap faktire okenn enterè sou balans ki pa peye a menm nan sityasyon lè gen yon peman ki pa fèt. Sizoka ta gen yon peman ki manke, yo p ap akselere peman yo.

G. Kontestasyon yo

Yon pasyan gen dwa konteste yon desizyon konsènan elijibilite pou asistans finansyè ki baze sou kritè ki annapre yo:

- Yo te bay enfòmasyon ki pa kòrèk;
- Gen chanjman nan sityasyon finansyè pasyan an; oswa
- Sikontans atenyant.

1ye Vis-Prezidan Finans (Sèvis Finansye) pral pran yon desizyon osijè kontestasyon yo. Se pou yo fè apèl yo alekri (oswa fas-a-fas, sou randevou) bay 1ye Vis-Prezidan Finans (Sèvis Finansyè) nan adrès ki anba la a:

983 48th Street
Brooklyn, NY 11219
Telephone: (718) 283-7790

Se pou yo fè kontestasyon an 30 jou oplita apre notifikasyon desizyon sou elijibilite a. 1ye Vis Prezidan Finans (Sèvis Finansye) pral fè tout sa li kapab pou pran desizyon konsènan kontestasyon yo 10 jou ouvrab oplita apre li resevwa kontestasyon yon pasyan (sètadi apre li resevwa yon lèt oswa yon kontestasyon fas-a-fas).

H. Politik Separe pou Faktirasyon ak Kolèk Lajan

Aksyon Maimonides gendwa pran sizoka li pa resevwa lajan yo dwe li dekri nan Politik Separe sou Faktirasyon ak Kolèk Lajan (*Billing and Collections Policy - FIN-55*). Politik sa a disponib sou yon paj Asistans Finansyè ki rezève sou sit Wèb Maimonides nan

(<http://www.maimonidesmed.org/main/FinancialInformation.aspx>). W ap jwenn kopi papye ki disponib sou demann ak gratis, nan lapòs ak nan anplasman piblik nan tout Lopital la, ikonpri nan Sal Ijans, nan zòn resepsyon an ak nan pwen kote yo bay pasyan sèvis.

I. Aksè nan Swen Medikamal pou Ijans

P ap gen okenn diskriminasyon nan jan yo fè egzamen medikal ak tretman estabilizasyon ki nesèsè kont moun ki elijib pou asistans finansyè selon politik sa a. Maimonides bay tout moun san patipri swen pou pwoblèm sante nan ka ijans, san li pa gade si yo elijib pou asistans finansyè selon FAP sa a. Al gade FIN-034 EMTALA – Politik sou Egzamen Medikal ak Estabilizasyon.

J. Fòmasyon ak Enfòmasyon Anplis

Tout anplwaye ki an kontak ak pasyan yo oswa ki gen responsabilite pou etabli bòdwo ak pou kolekte lajan pral resevwa yon kopi Politik sa a epi y ap resevwa fòmasyon konsènan pwosedi ki apwopriye pou pwogram asistans finansyè an. Yo pral notifye anplwaye yo detanzantan lè gen rabè oswa finansman anplis ki gendwa disponib grasa sibvansyon oswa pwogram espesyal ki apa pwogram asistans finansyè jeneral la. Si anplwaye yon bezwen plis enfòmasyon osijè Politik sa a, se pou yo kontakte Manadjè Inite Konsèy Finansye an nan (718) 283-7796.

Anplwaye Maimonides yo ansanm ak moun ki anba responsabilite yo ap resevwa swen konfòmeman ak Politik Sant Medikal (Medical Center Policy – FIN-022).

K. Evalyasyon Konfòmite ak Lalwa

Depatman Odit Entèn pral evalye konfòmite an ak Lwa Asistans Finansyè an ak politik sa a omwens yon fwa pa ane. Yo pral pataje rezulta odit sa a ak SVP an pou Kont Pasyan yo, SVP, Finans (Sèvis Finansye) EVP an pou Zafè Jiridik yo ak Ofisyè Konfòmite an.

IV. KONTWÒL YO

1ye Vis Prezidan Finans (Sèvis Finansye), ansanm ak A.V.P. rezo Sèvis Sante Anbilatwa a ak 1ye Vis Prezidan Kont Pasyan, dwe egzamine detanzantan fichye mèt (dosye prensipal) pasyan ak kont yo pou wè si yo respekte pwotokòl Asistans Finansyè ki dekri nan Politik sa a.

1ye Vis Prezidan Finans (Sèvis Finansye) ak Kont Pasyan yo dwe mande Responsab Depatman ki apwopriye yo pou yo egzamine pwotokòl Asistans Finansyè ki endike nan Politik sa a, depi yo apwouve chanjman oswa ajans règlemantè egzije yo fè chanjman.

Kenneth D. Gibbs
Prezidan ak Direktè Jeneral

ENDÈKS:
REFERANS:

Swen Lacharite, Peman san Asistans, Asistans Finansyè
PHL 2807-k (9 ak 9-a)
Chè Administratè lèt ki date 15 fevriye 2007
Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Ekonomik
§9007(a)
(23 mas 2010) (Ki ajoute 501(r) nan IRC);
FIN-034 EMTALA – Politik Egzamen Medikal ak
Estabilizasyon
FIN-029 (Revize) – Politik sistans Finansyè Sèvis Sante
Mantal pou Pasyan ki Pa Dòmi Lopital
FIN-055 – Politik Faktirasyon ak Kolèk Lajan
Chè Administratè Lèt ki date 15 novanm 2013
Egzijans anplis pou Lopital Lacharite; Evalyasyon
BezwenSante Kominotè pou Lopital Lacharite yo;
Egzijans yon Seksyon 4959 Deklarasyon Taks Eksiz ak
Kilè pou Voye Deklarasyon Taks la; Règ Final, 79 Fed.
Reg. 78954 (31 desanm 2014).
26 C.F.R. 1.501(r)-1, 1.501(r)-4 - 1.501(r)-6

DEPATMAN
KI KREYE DOKIMAN
SA A:

Depatman Jiridik/Sèvis Finansyè

KÒD: **FIN-28**
 DAT: **2018**

MAIMONIDES MEDICAL CENTER
LIS 2018 PRI DIGRESIF AK RABÈ POU SÈVIS POU PASYAN KI DÖMI LOPITAL SELON TO MEDICAID YO
Anèks A

Tès A – Tès sou Revni¹

| Gwosè Fanmi a | Direktiv Federal sou Povrete NIVO I | Eka Revni a NIVO II | Eka Revni a NIVO III | Eka Revni a NIVO IV | Eka Revni a NIVO V | Eka Revni a NIVO VI | Eka Revni a NIVO VII | Resous Min. Tès Byen NIVO | | | | | | |
|--|-------------------------------------|---------------------|----------------------|---------------------|--------------------|---------------------|----------------------|---------------------------|-----------|--------------------|-----------|--------------------|------------------|----------|
| 1 | \$12,140 | \$12,141 | \$15,175 | \$15,176 | \$18,210 | \$18,211 | \$24,280 | \$24,281 | \$30,350 | \$30,351 | \$36,420 | \$36,421 | Montan ki depase | \$30,300 |
| 2 | \$16,460 | \$16,461 | \$20,575 | \$20,576 | \$24,690 | \$24,691 | \$32,920 | \$32,921 | \$41,150 | \$41,151 | \$49,380 | \$49,381 | " | \$44,400 |
| 3 | \$20,780 | \$20,781 | \$25,975 | \$25,976 | \$31,170 | \$31,171 | \$41,560 | \$41,561 | \$51,950 | \$51,951 | \$62,340 | \$62,341 | " | \$50,028 |
| 4 | \$25,100 | \$25,101 | \$31,375 | \$31,376 | \$37,650 | \$37,651 | \$50,200 | \$50,201 | \$62,750 | \$62,751 | \$75,300 | \$75,301 | " | \$56,550 |
| 5 | \$29,420 | \$29,421 | \$36,775 | \$36,776 | \$44,130 | \$44,131 | \$58,840 | \$58,841 | \$73,550 | \$73,551 | \$88,260 | \$88,261 | " | \$63,078 |
| 6 | \$33,740 | \$33,741 | \$42,175 | \$42,176 | \$50,610 | \$50,611 | \$67,480 | \$67,481 | \$84,350 | \$84,351 | \$101,220 | \$101,221 | " | \$69,600 |
| 7 | \$38,060 | \$38,061 | \$47,575 | \$47,576 | \$57,090 | \$57,091 | \$76,120 | \$76,121 | \$95,150 | \$95,151 | \$114,180 | \$114,181 | " | \$76,128 |
| 8 | \$42,380 | \$42,381 | \$52,975 | \$52,976 | \$63,570 | \$63,571 | \$84,760 | \$84,761 | \$105,950 | \$105,951 | \$127,140 | \$127,141 | " | \$82,650 |
| 9 | \$46,700 | \$46,701 | \$58,375 | \$58,376 | \$70,050 | \$70,051 | \$93,400 | \$93,401 | \$116,750 | \$116,751 | \$140,100 | \$140,101 | " | \$89,176 |
| 10 | \$51,020 | \$51,021 | \$63,775 | \$63,776 | \$76,530 | \$76,531 | \$102,040 | \$102,041 | \$127,550 | \$127,551 | \$153,060 | \$153,061 | " | \$95,700 |
| Pou chak moun anplis ajoute | \$4,320 | \$5,400 | | \$6,480 | | \$8,640 | | \$10,800 | | \$12,960 | | Pa aplikab | | \$6,526 |
| Rabè baze sou DRG (Gwoup ki Pwòch sou labaz Dyagnostik) Medicaid | 100% | 90% | | 80% | | 70% | | 60% | | 50% | | 0% | | |
| Pousantaj ki depase FPL (Limit Federal Povrete) | 100% FPL (Dir. Fed.) | 101% rive 125% FPL | | 126% rive 150% FPL | | 151% rive 200% FPL | | 201% rive 250% FPL | | 251% rive 300% FPL | | Plis pase 300% FPL | | |

KÒD: **FIN-28**
 DAT: **2018**

Tès B – Tès Byen Likid (li aplikab sèlman si pasyan an gen de (2x) fwa montan Resous Otorizab selon Medicaid)

| | | | | | | |
|--|--------------------------------|---|--------------|--------------|--------------|----------|
| To Medicare APC / Total Byen Likid yo | Plis pase 90% | 90% rive 80% | 79% rive 70% | 69% rive 60% | 59% rive 50% | 49% a 0% |
| Montan Diskont lan | 100% | 75% | 50% | 25% | 15% | 0% |
| Egzanp: To Medicaid Konplè san diskont se \$15,000 | \$0 | \$3,750 | \$7,500 | \$11,250 | \$15,000 | |
| To Byen | $\frac{15,000}{30,000} = 50\%$ | Pasyan an pa dwe peye 85% nan \$15,000 = <u>12,750</u> | | | | |

Pasyan ki gen revni ki depase 300% FPL yo, oswa ki gen rapò ant chaj ak byen likid yo genyen ki egal oswa mwens pase 49%, dwe peye 100% To Medicaid yo.

MAIMONIDES MEDICAL CENTER

LIS 2018 TABLO PRI DEGRESIF AK RABÈ POU PASYAN ANBILATWA KI PA DÒMI LOPITAL, SÈVIS CHIRIJI, KLINIK, DEPATMAN IJANS, SÈVIS ANBILATWA KI REFERE AK SÈVIS OKSILYÈ KI BAZE SOU TO APC MEDICARE YO

Anèks B

Tès A – Tès sou Revni²

| Gwosè Fanmi a | Direktiv Federal Povrete NIVO I | Eka Revni a NIVO II | Eka Revni a NIVO III | Eka Revni a NIVO IV | Eka Revni a NIVO V | Eka Revni a NIVO VI | Eka Revni a NIVO VII | Resous Min. Tès Byen NIVO |
|---|---------------------------------|---------------------|----------------------|---------------------|--------------------|---------------------|----------------------|--|
| 1 | \$12,140 | \$12,141 | \$15,175 | \$15,176 \$18,210 | \$18,211 \$24,280 | \$24,281 \$30,350 | \$30,351 \$36,420 | \$36,421 Montan ki depase \$30,300 |
| 2 | \$16,460 | \$16,461 | \$20,575 | \$20,576 \$24,690 | \$24,691 \$32,920 | \$32,921 \$41,150 | \$41,151 \$49,380 | \$49,381 “ \$44,400 |
| 3 | \$20,780 | \$20,781 | \$25,975 | \$25,976 \$31,170 | \$31,171 \$41,560 | \$41,561 \$51,950 | \$51,951 \$62,340 | \$62,341 “ \$50,028 |
| 4 | \$25,100 | \$25,101 | \$31,375 | \$31,376 \$37,650 | \$37,651 \$50,200 | \$50,201 \$62,750 | \$62,751 \$75,300 | \$75,301 “ \$56,550 |
| 5 | \$29,420 | \$29,421 | \$36,775 | \$36,776 \$44,130 | \$44,131 \$58,840 | \$58,841 \$73,550 | \$73,551 \$88,260 | \$88,261 “ \$63,078 |
| 6 | \$33,740 | \$33,741 | \$42,175 | \$42,176 \$50,610 | \$50,611 \$67,480 | \$67,481 \$84,350 | \$84,351 \$101,220 | \$101,221 “ \$69,600 |
| 7 | \$38,060 | \$38,061 | \$47,575 | \$47,576 \$57,090 | \$57,091 \$76,120 | \$76,121 \$95,150 | \$95,151 \$114,180 | \$114,181 “ \$76,128 |
| 8 | \$42,380 | \$42,381 | \$52,975 | \$52,976 \$63,570 | \$63,571 \$84,760 | \$84,761 \$105,950 | \$105,951 \$127,140 | \$127,141 “ \$82,650 |
| 9 | \$46,700 | \$46,701 | \$58,375 | \$58,376 \$70,050 | \$70,051 \$93,400 | \$93,401 \$116,750 | \$116,751 \$140,100 | \$140,101 “ \$89,176 |
| 10 | \$51,020 | \$51,021 | \$63,775 | \$63,776 \$76,530 | \$76,531 \$102,040 | \$102,041 \$127,550 | \$127,551 \$153,060 | \$153,061 “ \$95,700 |
| Pou chak moun anplis ajoute | \$4,320 | \$5,400 | | \$6,480 | | \$8,640 | | \$12,960 Pa aplikab \$6,526 |
| Montan diskont lan baze sou Pri Medicare-APC yo | 100% | 90% | | 80% | | 70% | | 60% 50% 0% |
| Pousantaj ki depase FPL | 100% FPL | 101% rive 125% FPL | | 126% rive 150% FPL | | 151% rive 200% FPL | | 201% rive 250% FPL 251% rive 300% FPL Plis pase 300% FPL |

Tès B – Tès Byen Likid (li aplikab sèlman si pasyan an gen de (2x) fwa montan Resous Otorizab selon Medicaid)

| | | | | | | |
|--|---------------|--|--------------|--------------|--------------|----------|
| To Medicare APC / Total Byen Likid yo | Plis pase 90% | 90% rive 80% | 79% rive 70% | 69% rive 60% | 59% rive 50% | 49% a 0% |
| Montan Rabè | 100% | 75% | 50% | 25% | 15% | 0% |
| Egzanp: Amb/Chiriji \$1,000 pa rapò ak APC | \$0 | \$3,750 | \$7,500 | \$11,250 | \$15,000 | |
| To APC 1,000 Resous yo 30,000 | | = 33% Pasyan an gen dwa benefisyé yon rabè 0% Pasyan an responsab pou peye tout to Medicare APC an | | | | |

Pasyan ki gen revni ki depase 300% FPL yo, oswa ki gen rapò ant chaj ak byen likid yo genyen ki egal oswa mwens pase 49%, dwe peye 100% To APC Medicare yo.